# BIYOSEKIRITE:
## Pwoteje Twoupo ki Nan Lakou Ou Yo

Mizajou nan dat 22 janvye 2025

Yo te detekte **Grip Zwazo ki Trè Patojèn (Highly Pathogenic Avian Influenza, HPAI)** lakay zwazo sovaj akwatik yo, zwazo domestik, oswa toude, atravè tout peyi a. Siveyans HPAI lakay zwazo domestik ak sovaj yonan Massachusetts ankou.

*Tout volay domestik nan Massachusetts anba risk pou yo ekspoze ak HPAI.*

*Yon bon biyosekirite nesesè pou pwoteje zwazo w yo ak enstalasyon ou an kont viris la.*

Grip zwazo a ka afekte zwazo sovaj oswa domestik ak mamifè yo. Pifò volay, tankou poul, kodenn, pentad, ak zwazo jibye tankou fezan, ap mouri nan entèval kèk jou apre yo fin ekspoze ak HPAI. Kana sovaj ak kana domestik yo ak kèk lòt espès kapab enfekte san yo pa janm parèt malad. Volay domestik yo ekspoze ak HPAI atravè kontak avèk zwazo ki enfekte, poupou yo, oswa plim yo. Patiraj, lakou, letan, ak ekipman yo kapab vin kontamine fasilman avèk viris HPAI a. Moun te enfekte avèk viris HPAI a nan peyi Etazini, menm si pifò nan moun sa yo te gen kontak konsiderab avèk volay oswa bèf ki bay lèt ki te enfekte, epi pifò enfeksyon yo te lejè. Moun yo kapab mete materyèl ki kontamine avèk HPAI tou an kontak envolontèman avèk zwazo domestik oswa betay ki bay lèt atravè itilizasyon ekipman, rad, soulye, ak kawotchou machin ki kontamine. Mamifè ki manje zwazo mouri ki enfekte yo kapab vin enfekte tou. Yo te idantifye betay ki bay lèt nan Texas kòm enfekte avèk HPAI (H5N1) nan sezon prentan 2024, epi deplasman betay yo te pwopaje viris la bay lòt eta. Pataj ekipman, veyikil, ak manm pèsonèl jwe yon wòl nan pwopagasyon viris la. Volay yo trè sansib ak tout vèsyon viris sa a.

Pratike biyosekirite vle di pran mezi nesesè pou redui risk pou maladi enfektye antre oswa sòti nan fèm ou an. Premye etap la se idantifye mwayen pou redui pi gwo risk yo pou zwazo ou yo oswa fèm ou an kont grip zwazo a.

### Redui Risk Yo pou Twoupo a

- **Anpeche zwazo domestik yo genyen aksè ak letan, rivyè, epi zòn imid kote zwazo akwatik sovaj yo frekante se yon bagay ki enpòtan anpil. Ekspozisyon ak zòn sa yo te yon lyen komen pou tout enfeksyon twoupo domestik yo nan New England. <u>Kite twoupo ou an "an libète" prezante yon risk enpòtan pou ekspozisyon ak HPAI. Konsekans yo kapab lakòz lanmò.</u>**
- Pa janm entwodui zwazo ki adilt nan yon twoupo ki deja etabli sof si yo te izole pandan 30 jou epi/oswa yo te sibi tès ki asire yo pa malad. Trete zwazo ki sòti nan ekspozisyon yo kòm si yo te nouvo nan twoupo a.
- Pa ebèje espès ki diferan ansanm (pa egzanp, poul ak kodenn oswa zwazo akwatik).
- Anpeche vizitè yo gen aksè ak enstalasyon oswa poulaye ou yo. Pa vizite lòt enstalasyon pou zwazo.
- Fèmen zwazo yo nan yon espas ki anndan (poulaye ki kouvri, enstalasyon, oswa batiman).
- Pa pataje ekipman, founiti oswa veyikil avèk lòt pwoprieytè zwazo.
- Itilize yon basen dezenfektan pou pye anvan ou antre nan poulaye a oswa lòt zòn volay yo.
- Netwaye ak dezenfekte tout ekipman, soulye, rad, ak veyikil anvan ou antre nan zòn volay yo.
- Retire salte ak fimye nan sifas yo anvan dezenfeksyon an. « Ou pa ka netwaye salte. »
- Pratike prensip "tout anndan, tout deyò" lè w ap chanje twoupo yo. Elimine tout zwazo epi dezefekte poulaye a anvan ou entwodui nouvo zwazo.
- Verifye prezans parazit chak mwa epi trete si sa nesesè. Itilize yon zòn pou retire salte pou anpeche parazit ekstèn yo.

- Kenbe ensèk ak bèt tankou bèt domestik, wonjè, ak bèt sovaj, espesyalman zwazo sovaj, lwen poulaye a ak manje yo.

## Mezi Biyosekirite ki Se Bon Sans

- Kenbe zwazo ou nan yon anviwònman ki san danje.
- Asire w tout moun ki ap pran swen zwazo ou yo suiv tout plan biyosekirite pou twoupo ou an. Suiv pwotokòl biyosekirite yo chak fwa ou antre nan zòn volay yo.
- Mete rad ak soulye ki separe ak dedye lè w ap travay avèk zwazo ou yo.
- Netwaye manje ki tonbe atè yo epi anpeche zwazo sovaj yo gen aksè ak manje epi zòn volay yo.
- Pa bay zwazo ou yo manje grenn ki tonbe atè ki sòti nan zòn eksteryè. Jete yo!
- Pa antre nan zòn volay ou yo oswa manyen zwazo oswa ekipman ou yo apre lachas, lapèch, oswa apre ou te an kontak ak lòt zwazo oswa zòn kote zwazo sovaj frekante.
- Pa janm achte zwazo ki sòti nan sous ki enkoni tankou lavant ozanchè oswa lòt mache kote yo vann zwazo vivan.
- Pran swen zwazo yo nan lòd laj ak sante – pi piti a pou rive nan pi gran an. Izole zwazo ki malad yo epi pran swen yo an dènye. Ideyalman, yon moun diferan t a dwe pran swen zwazo ki malad yo.

## Prekosyon pou Volay ki An Libète yo

Pwodiktè volay ak pwopriyetè zwazo nan lakou yo ki leve zwazo yo nan sistèm deyò san konfinman an dwe anpeche tout kontak avèk zwazo sovaj yo, espesyalman zwazo akwatik yo, ak poupou yo.

- Idantifye zòn ki prezante gwo risk yo, tankou zòn imid ki sou longè koulwa migrasyon yo, zòn kote zwazo akwatik oswa zwazo sovaj yo rasanble yo, ak zòn pwodiksyon zwazo ki gen anpil dansite yo.
- Mete an plas mezi prevantif pou zòn ki prezante gwo risk yo:
    - Kenbe zwazo yo anndan toutotan sa posib.
    - Enstalasyon eksteryè yo dwe gen twati ki solid avèk kote ki fèt an griyaj.
    - Founi manje ak dlo bay tout zwazo ki leve an libète deyò yo nan yon zòn ki anndan.
    - Anpeche aksè ak ti rivyè yo, letan yo, epi lòt dlo ki an sifas yo ki t a ka kontamine akòz poupou zwazo sovaj yo.
    - Enstale epi itilize yon basen dezenfektan pou pye anvan ou antre nan poulaye a oswa lòt zòn volay yo. Sa ka senp tankou yon bokit avèk yon kouvèti ki byen fèmen epi yon bwòs ki gen manch long pou fwote soulye yo anvan ou antre.

**Pa melanje zwazo ou yo ak lòt bèt ki pou pwodiksyon yo!**

**Si twoupo ou an vin enfekte ak HPAI, ou ka pa kapab deplase lèt oswa lòt pwodui agrikòl yo sof si zwazo ou yo separe, epi ou gen bon pratik biyosekirite ki an plas.**

## Siveye Siy Maladi yo

*Li enpòtan pou w konnen siy avètisman maladi yo tankou grip zwazo. Zwazo ki gen HPAI yo pwodui plis viris amezi tan ap pase. Deteksyon ki fèt bonè ede anpeche pwopagasyon maladi a. Chèche siy sa yo:*

- Ogmantasyon lanmò ki pa gen eksplikasyon nan twoupo ou an, avèk oswa san sentòm.

- Estènen, difikilte pou respire, tous, ak/oswa nen ki ap koule.
- Diminyisyon nan konsomasyon dlo oswa manje.
- Dyare ki dlo ak vèt.
- Mank enèji oswa silans ki pa abityèl
- Bès nan pwodiksyon ze yo, oswa ze ki gen po ki mou, mens oswa ki defòme.
- Anflamasyon alantou je yo, kou a, oswa tèt la.
- Kolorasyon vyolèt nan babiyon, krèt, ak janm yo.

**Si ou gen zwazo ki oswa ki mouri, kontakte**

MDAR MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF AGRICULTURAL RESOURCES

**617-626-1795**

## Si Ou Sispèk Grip Zwazo

**Pa tann! Rele imedyatman.** Siyale zwazo ki malad oswa ki mouri yo bay Depatman Resous Agrikòl Massachusetts la, Divizyon Sante Bèt la, nan 617-626-1795, oswa atravè fòm siyalman anliy sa a oswa USDA nan 1-866-536-7593 Pa deplase okenn zwazo anndan oswa andeyò lokal ou yo.

## Yo dwe siyale lanmò zwazo sovaj yo bay Depatman Lapèch ak Lachas la, Divizyon Lapèch ak Bèt Sovaj la (MassWildlife) lè w itilize fòm anliy la ki disponib sou **mass.gov/reportbirds**

## Plis Enfòmasyon

- Biyosekirite: Defend the Flock - USDA: https://healthybirds.aphis.usda.gov/
- Biyosekirite: Iowa State University: https://poultrybiosecurity.org/
- Deteksyon Aktyèl HPAI: USDA: https://www.aphis.usda.gov/aphis/ourfocus/animalhealth/animaldisease-information/avian/avian-influenza/2022-hpai
- Politik Repons USDA a fas ak HPAI: https://www.aphis.usda.gov/aphis/ourfocus/animalhealth/emergencymanagement/hpai/fadprep-hpai

Prepare pa Depatman Resous Agrikòl Massachusetts la, 22 janvye 2025. Itilizasyon foto yo fèt avèk pèmisyon C. Sexton.